**दिन–शनिवार** **दिनांक–21.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

पश्चिमी विक्षोभक असरि सँ प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे थमि–थमि कऽ बरखा भऽ रहल अछि। जिला सभ सँ हमार संवाददाता जनौलनि अछि जे काल्हि सांझ सँ तेज अन्हर–बिहारिक संग बरखा भऽ रहल अछि। कतेको ठाम तेज अन्हर–बिहारिक कारण गाछ–वृक्ष आओर बिजलीक खाम्भ खसबाक खबरि अछि। बरखाक कारण कतेको ठाम पानि लागि गेला सँ गंहुम, दलहन आओर आम आ लीचीक मंजरी के बेसी नोकसान भेल अछि। अररिया सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे जिला मे अन्हर–बिहारिक संग बारिश आओर पाथर खसला सँ पलासी, फारबिसगंज, नरपतगंज, अररिया सदर प्रखंड सहित कतेको प्रखंड मे मकईक फसिल के बेसी क्षति भेल अछि। फारबिसगंज थाना क्षेत्रक दरभंगिया टोल मे माटिक घर आओर दीवार खसलाह सँ एक बच्चाक मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि तीन आन घायल भऽ गेलाह। ओतहि, अन्हर–बिहारिक कारण आमक मंजर के सेहो क्षति भेल अछि। दोसर दिस, शिवहर, दरभंगा, मधुबनी, मुंगेर, सुपौल सहित आनो–आन ठाम बरखा सँ जनजीवन तबाह भेल अछि।

---

एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बिच समस्तीपुरक मोईनुद्दीन नगर मे पचहत्तरि दशमलव चारि आओर बेगूसरायक छौराही मे बहत्तरि दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे आइ राज्यक बेसी क्षेत्र मे तेज हवाक संग बारिश आओर मेघगरज संग ठनका सेहो खसि सकैत अछि। मौसम विभाग आइ दरभंगा, मधुबनी, पूर्वी चंपारण, मुजफ्फरपुर, समस्तीपुर, शिवहर, सीतामढ़ी, वैशाली, पटना, भोजपुर आओर सारण जिला मे किछु ठाम तेज अन्हर–'बिहारिक संग बारिश आओर ठनका खसबाक चेतावनी देलक अछि।

---

ईद–उल–फितरक पावनि आइ देशभरि मे धार्मिक श्रद्धा आ उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। ईद के रमजान मासक समाप्तिक प्रतीक सेहो मानल जाईत अछि। अकीदतमंद, ईदगाह आओर मस्जिद मे ईदक नमाज अदा कयलनि। राजधानी पटनाक गांधी मैदान आओर शाही ईदगाह गुलजारबाग में ईदक नमाज अदा कयल गेल। एम्हर, ईद के लऽकऽ प्रदेशभरि मे उत्सवक माहौल अछि। लोक सभ एक दोसर के गला मिल कऽ ईदक मुबारकबाद देबाक संगही सलामतीक दुआ कऽ रहल छथि। ईद–उल–फितरक मौका पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी राधाकृष्णन आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासी सभ के शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल सेवानिवृत लेफ्टिनेंट जनरल सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आआर विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार, विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह आओर विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव सहित आनो–आन गणमान्य लोक सभ प्रदेशक लोक सभ के ईदक बधाई देलनि अछि।

---

बारिशक कारण मिथिला महोत्सवक दोसर दिन आइ सांझ होयवला सभ सांस्कृतिक कार्यक्रम के स्थगित कऽ देल गेल अछि। दू दिवसीय मिथिला महोत्सव के काल्हि कला आ संस्कृति विभागक मंत्री अरूण शंकर प्रसाद शुभारंभ कयलनि। ओ जनौलनि जे मधुबनी मिथिलांचलक हृदयस्थली अछि जे चित्रकला के क्षेत्र मे विश्व स्तर पर विख्यात अछि। ओ मिथिलाक बारे मे जनौलनि जे–पग–पग पोखरि माछ–मखान, सरस बोल, मुस्की मुख पान, विद्या वैभव, शांति प्रतीक, जनक नगरी मिथिला थिक। मिथिला कवि कोकिल विद्यापति, कालीदास, गार्गी, मैत्री, वाचस्पति मिश्र जेहन विद्वानक धरती रहल अछि। ओ युवा सभ सँ आगु आबि कऽ देश–दुनिया मे मिथिलांचलक मान बढ़ेबाक आह्वान कयलनि।

---

बिहार दिवस समारोह काल्हि मनाओल जायत। बाईस मार्च उन्नैस सय बारह कऽ बिहार, बंगाल सँ फराक भऽ कऽ एक स्वतंत्र राज्य बनल छल। एहि साल बिहार दिवसक थीम–**उन्नत बिहार–उज्ज्वल बिहार** अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार काल्हि पटनाक गाँधी मैदान में बाईस सँ चौबीस मार्च धरि चलयवला समारोहक उद्घाटन करताह।

---

लोक आस्थाक महापर्व चैती छठिक चारि दिवसीय अनुष्ठान काल्हि नहाय–खायक संग शुरू आयत। तेइस मार्च कऽ खरना होयत, चौबीस मार्च कऽ वर्ती सभ अस्तलगामी सूर्य के अर्घ्य आओर पचीस मार्च कऽ उदीयमान सूर्य के अर्ध्य अर्पित कयलाक बाद पारनक संग चैती छठि अनुष्ठान संपन्न होयत।

———————————————————————————

आसनसोल मंडलक कतेको खंड मे निर्माण काजक कारण काल्हि जेसीडीह–झाझा मेमू पैंसेंजर, झाझा–देवघर मेमू पैसेंजर, बर्द्धमान–झाझा मेमू पैसेंजर, जेसीडीह–बांका मेमू पैसेंजर सहित छओ ट्रेन के रद्द कऽ देल गेल अछि। ओतहि, देवघर–पटना मेमू के झाझा सँ खोलल जायत। संगहि धनबाद–पटना एक्सप्रेस अपन समय सँ अस्सी मिनट विलंब सँ चलत।

———————————————————————————

बक्सर नगर थाना क्षेत्र मे पुलिस एक रेस्टोरेंट मे छापा मारि कऽ भारी मात्रा मे घरेलू गैस सिलिंडर जब्त कयलक अछि। संगहि रेस्टोरेंटक संचालक पर प्राथमिकी दर्ज कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।